



ILUSTRASI JOS

SABAN pagi remaja lelaki itu menunggu kepulangan para nelayan, barangkali biyungnya ikut pulang bersama mereka. Ketika mereka tiba dan ia memandangi sekitar, tak seorang perempuan pun yang berjalan dari arah mereka. Maka, kembali ia ke tepian, duduk memeluk lutut di dekat batu besar yang sesekali diterjang ombak yang mengejar teluk: tempat seluruh sesal dilarungkan.

“Jangan bersedih, *putuku*,” ucap seorang kakek tua yang buta sebelah mata. “Justru pencarianmulah yang membuat Biyungmu tak kembali, sungguh bila tak kau cari, ia selalu ada di sini. Tenangkan dirimu, akan kuceritakan kisah tentang biyungmu yang sepanjang hidupnya mencintai dan dicintai lautan. Bila kau ingin mendengarnya, duduklah lebih dekat agar kau dapat mendekap seluruh sisa suaraku,” tukasnya.

Ia pun duduk dan segera memegang tangan kanan kakeknya dan bersandar di bahunya. Maka, kakek pun memulai ceritanya dengan menyitir syair:

*Andaikan kita melanggar laut
dengan hati yang kalut*

*lantaran ikan-ikan terbayang
dalam perut
maka leluhurmu pasti terhasut
Bertandanglah anak lanangku
ke pangkuan lodra yang membuatmu
mengira bahwa engkau lahir di sana
bahwa engkau akan pulang ke sana
kepada layung-layung yang menyusui
matahari
sehabis hitungan hari*

Selepas ia mendengar kakeknya bersyair, telinganya semakin terpikat, matanya hanya memandang mata kakek buta yang disandari tubuhnya, wajahnya berubah haru, keningnya berkerut, kesedihan benar-benar tercermin di nyalang matanya. Saat itu, dunia terasa semakin sesak baginya.

Maka, kakek pun memulai kisahnya mengenai biyung yang konon sepanjang hidupnya mencintai dan dicintai lautan.

Tiga belas tahun lalu, kami merayakan suatu hari yang kami sebut sebagai hari Lodran, hari di mana para nelayan melarungkan syukur kepada sang pemberi rezeki atas hasil lautan. Saat itu berkumpullah para nelayan, anak-istri mereka, dan masyarakat sekitar. Mereka

bermalam di pantai untuk melaksanakan hajat tepat di pergantian hari di tengah malam itu. Mestinya, aku termasuk dari mereka. Mengusung jolen beratap daun nipah yang berisi kepala sapi dan segala macam sesaji.

Maka, ketika kami benar-benar tidak memiliki apa-apa, aku terpaksa melarang Biyungmu menghadiri perayaan di malam itu.

“Aku tidak akan merelakan hidupku kecuali jika malam ini aku mengikuti perayaan itu,” kata biyungmu. Namun, aku tetap melarangnya.

Sebelum laut menelan deburnya di tengah malam, diam-diam biyungmu pergi memasuki sebuah Jolen. Ia melarungkan dirinya.

“Celakalah engkau, wahai nenek tua!” sergah istriku kepada dirinya sendiri sembari lari kecil menuju rumah setelah seorang warga memberitahukan padanya bahwa putrinya melarung Jolen berisi jiwa dan raganya sendiri.

“Hai! Kenapa engkau mengutuk dirimu sendiri?” tanyaku pada istriku, nenekmu, saat ia masih menggendongmu yang menangis tak habis-habis.

“Sebab putrimu tidak sadar dengan apa yang ia lakukan, hingga ia rela melarung dirinya ke lautan.”

“Bagaimana ini bisa terjadi?”

“Ketahuilah, suamiku, ketika ia mengetahui kita tak punya apa-apa untuk dijadikan sesaji, seketika ia memasuki jolen dan melarung dirinya sendiri.”

“Benarkah perkataanmu itu, istriku? Celaka benar nasib kita. Apakah ia sudah jauh terlarung?”

Tapi, nenekmu tak lagi memberi jawaban, ia menangis sepanjang malam, tenggelamlah rumah kami bila subuh ia tak berhenti menangis. Setahun setelahnya, nenekmu melakukan hal yang sama seperti biyungmu.

Setelah selesai menceritakannya, mata kakek yang setengah samar mulai bisa berkaca pada sepasang mata yang bening tak terkira.

“Dengan siapa aku hidup bila kau juga melarung dirimu, *putuku*?”

“Dengan laut, kita berkalam kalut,” pungkasnya sembari melangkah pergi.

Banjarnegara, Agustus 2020

Bagus Likurnianto, lahir di Banjarnegara, 9 Januari 1999. Aktif berkegiatan di Sekolah Kepenulisan Sastra Peradaban (SKSP). Karya-karyanya pernah dimuat di sejumlah media massa.

MEKAR SARI

Adiluhung

Kawiwitan saka Ngomah

*Omah limas prasaja
Tinggalane wong tuwa
Kang dibangun kanthi linambaran
Donga keslametan lan tresna*

*Nadyan wus katon lawas lan kuna
Nanging ora kalah karo gedhong
susun lima
Kang kebak lampu-lampu gumebyar
njero lan njaba*

*Iki omahku
Kang nggulawenthah aku
Ngadhepi urip kang kebak saru siku
Ngukir jiwa ragaku
Napak dalan-dalan rumpil nyandhung laku
Tumuju jatining gesang ing pangayoman-Mu*

Satleraman maca geguritan ‘Iki Omahku’ anggitané Sulistyarini kang kapethik saka kalawarti Pagagan nomer 94 taun 2019 kasebut katone pancen biyasa-biyasa wae, ora dakik-dakik. Nanging kalane disurasa, nge-mu piwulang kang ora baen-baen. Jero. Saya dikedhuk, saya pating brubul piwulang tuwa. Tegese, piwulang saka priyayi sepuh kang pancen ampuh. Kebak pralambanging wong ngaurip, madhet maknane wiyar tebane kalane gelem nindakake. Kang kabeh mau mupangati kanggo panguripan ing tembe.

Sepisan, anggone mbangun omah kanthi linambaran donga keslametan lan tresna. Iki nuduhake, jejering manungsa ora uwal saka Gusti-ne. Miwiti pakaryan kanthi ndedonga, nyuwun tuntunan lan pangayoman marang kang paring gesang muga-muga kang bakal diayahi bisa tumapak kanthi lancar tanpa ana reridhu kang ngganggu, kalis saka pepalang angengadhang. Apa kang sinedya bisa kasembadan jumbuh klawan gegadhangane kepara luwih rowa, luwih maremake asile. Ditambah linambaran tresna, kepenak rekasa linakonan bebarengan, abot kaya ngapa tembayatan diweng-eweng dadi entheng. Nunak-nunuka menawa linambaran tresna tetep

Rita Nuryanti

grengseng lan santosa.

Kapindho, sanajan omah wis lungse tetep nyenengake, ora kalah karo kang gedhong magrong-magrong. Lire, karana pondhasi kang kuwat (donga lan tresna) mapan ing omah kasebut anane mung tentrem lan ayem. Omah biasa rinasa hotel bintang lima. Eyup, edhum, seger. Swasana regeng, gayeng, guyup rukun ing antarane bapak, ibu, lan anak, njalari krasa kepenak, mangan anane mung enak, turu jenak pindhha ing kasur mendut mentul.

Katelu, omah mono papan nggulawenthah bocah. Kepriye bocah ing samengkone gumantung kepriye sangu saka ngomahe. Omah, kang ateges wong tuwa, minangka kaca benggalaning anak kanggo tumindak. Woh ora bakal tiba adoh saka uwite. Pakartine anak nedhak saka salah bawane wong tuwa. Minangka guru kang sepisanan ngenonah bocah, wong tuwa kudu empan papan, lan ora gonyak-ganyuk sakarepe dhewe dumeh marang bocah. Bocah mono titen. Aja nganti pisan-pisan nggorohi utawa menehi pawadan kang kurang pener. Yen nganti ngerti, wong tuwa kerepotan dhewe ing tembe mburi.

Tuladha kang gampang, bocah tiba kesandhung sikil meja. Ora sithik wong tuwa kang karepe kanggo ngeneng-ngenengi bocah banjur celathu, “O, mejane nakal!” Mangkene iki kanthi ora kasengaja ndhidhik anak seneng nyalahake liyan.

Padha-padha kanggo ngeneng-enengi, geneya ora, “Yen mlaku ngati-ati nggih, kareben ora tiba!” Kanthi mangkene bocah rak antuk piwulang supaya ing sabarang tumindak tansah ngati-ati. Maneh, upamane nangis ora meneng-meneng. Ana Ibu banjur nyrengeni, “Meneng! Didukani Bapak lho mengko!” Apa mangkene iki ora ndadekake Bapak dadi monster ing ngarepe anake?

Cara-carane jaman perang, omah mono papan ngatur strategi kanggo

ngadhepi mungsuh ing papan paprangan. Ing wektu iki mungsuhe dudu tentara negara liya kang nggawa bedhil, nanging ajuning jaman kang kebak *persaingan*, ana kang kedadhung walulang macan kanggo apus krama, apadene gagak nganggo elaring merak kanggo golek ati wusana mblithuk kanthi alusing pangucap. Mula kudu kebak ing pangati-ati, dilelimbang kanthi wening sadurunge jumangkah.

Kawiwitan saka ngomah, piwulang bab urip lan panguripan kawedhar. Sawise metu, pindhane ing pabaran bisa disawang trajange kang nggambarakaya ngapa gembengan ‘kawah candradimuka’ panggodhoge wong tuwa. Yen bocah wis kulina ‘perih’ lan ‘wani nggetih’ ngadhepi sandhungan utawa eri kang malang ing dalan gampang anggone mlumat utawa golek marga liya kang luwih ngepenakake nanging uga ner ing sedyane. Dene bocah kang kulina dilela-lela ledhung kalamun sithik wae kesandhung bakal bengok-bengok njaluk tulung. Ora enggal ngulir budi kepriye anggone bisa mrantasi. Beda maneh klawan bocah kang kulina dikasar, digetak diundhamana, ing njaba bakal pengin dadi menangan, ora wigah-wigih mara tangnan lan nglarani liyan kalamun ora dadi karepe.

Kang katur ing dhuwur iku gambaran, dudu pilihan. Miliha kudu ditindingi kang paling becik, murakabi mring dhiri pribadi, kulawarga sumrambah bebrayan agung sanuswantara. Kawiwitan saka ngomah tumindak dur angkara bisa cinegah, urip ayom ayem tentrem bisa rinegem. Sumangga samya ambudidaya murih para putra bisa nuhoni gegebengane wong tuwa, uripe tansah linambaran donga lan tresna. Kanthi donga ateges tansah eling marang Kang Maha Kuwasa, ora gampang kegodha gumebyaring donya. Kanthi tresna murih para putra nduweni welas asih marang pepadha, urip kebak esem kabagyan lan paseduluran. Kawiwitan saka omah, mugya tansah lumuntu ing barokah. □

Oase

Rahem SHAILA

Sementara yang kian ada dalam dadaku adalah namamu, Shaila Yang selalu kupeluk dalam tidurku adalah bayangmu Kureguk hari demi hari Agar sepasang mata ini, benar-benar langit dan segala isinya Ini musim hujan, Shaila satu-satunya cara untuk menghangatkan aku adalah tinggal berdua Sebab kita sama-sama berada di jalan rindu yang tiada obatnya Peganglah tanganku, biarkan hujan berkeluyuran Di halaman dadamu Aku berdiam mengeja waktu

Gubuk sastra, 2020

DI TUBUH PUISI 1

Aku melewati jalan sunyi Untuk sampai ke jantung kata-kata Berteman pada kesepian, juga kesendirian Yang kian larut di tubuhku

Betapa bayang-bayang tercipta waktu itu Rinduku mendadak kemarau Seperti tanah yang ditinggalkan hujan

Aku melewati jalan sunyi Untuk sampai ke jantung kata-kata Berjalan ke jalan yang seharusnya aku jalani Melewati hari-hari, hari di mana kita membangun mimpi

Gubuk sastra, 2020

DI TUBUH PUISI 2

Aku membacamu sebagai puisi yang tak pernah selesai-selesai kutulis Dan dibacakan oleh para penyair Atau dari golongan orang-orang yang hidup di dunia nyata

Sampai di jantung puisi ini Cintaku abadi, benar-benar abadi Sepanjang puisi yang kubisikkan di relung hati

Gubuk sastra, 2020

DI PINTU MAULID NABI

Di bulan selawat ini Suara kami melayang, hati kami setenang laut tanpa ombak Seluas jagat raya, seindah bunga-bunga di taman

Kami sama-sama membaca Sama-sama jatuh cinta pada Nabi Cinta hati, yang benar-benar cinta

Di bulan selawat ini Semoga kami selalu dalam pelukan syafaat Nabi

Gubuk sastra, 2020

Rahem, Aktif di Kelas Puisi Bekasi dan Komunitas Asap. Menjadi pendamping Sanggar Sareang Miftahul Ulum. Beberapa Puisinya terbit di koran dan antologi bersama.

Geguritan

Sunardi KS

DONGA-DONGA

suwarga - suwarga - suwarga

mulya - mulya - mulya

begja - begja - begja

ing saben donga-donga

ngebaki lathi

kerep lali

kerep meksa - meksa

ing saben donga-donga

mrawasa

*Ngrenda Impen
ora segampang nggambari langit
kang mung kandheg ing angggit
ing laku tatu-tatu
kabentus-bentus watu
ora bada-bada*

*ngrenda impen
ana kang cedhak amben
ana kang adoh saka seja
krenggosan ora tekan-tekan*

IMPEN-IMPEN DAKUMBAR

*pengin dakumbar impen-impen
kang wiwit jemagar
supaya nemoni kamardikan
marang apa-apa kang dadi pilihan*

*ora dakcawisi tali cancang
utawa ruji-ruji wesi
aku wegah nelikung meksa mlebu lurung
yen kesasar bisa sangar*

*seje raga seja panjangka
seje pikiran seja pepinginan*

*bakal luwih seneng dakumbar
mung rasa kuwatir satemene saka
ati kang kiwir-kiwir meh dawir*

ING JAKARTA AKU BIYEN

*ing Jakarta
dakgoleki jenengmu
ora ketemu*

*jare KTP-mu wis genti
alamatmu wis ora kaya wingi-wingi*

*aku lagi teka sepuluh dina
nekad bara
nggoleki kanca
ing jembar nrecele kutha*

ING RAGUNAN

*ing Ragunan
papan panglipur
ing kala libur*

*ing Kebun Binatang
ing krangkeng macan
ora ana kang padha kerengan
senajan cacache sapirang-pirang
aku eram, aku eram*

*baya-baya
cangkeme wis ora padha menga
embuh, geneya?*

KAGEM para kadang sing kagungan naskah cerita cekak (cerkak), geguritan, utawa macapat, bisa kakirim ing Redaksi SKH *Kedaulatan Rakyat*, Jalan Margo Utomo 40-42, Yogyakarta 55232, utawa lumantar email mekarsari.kr@gmail.com. Mligi cerkak dawane paling akeh 6.000 karakter klebu spasi. Menawa seratane magepokan karo bab utawa dina mirunggan diajab bisa kakirim udakara sewulan sadurunge. Matur nuwun. **(Redaksi)**